



Nzvenzvana na
Manditeya




Million word gap project

Children whose parents read to them have heard 30 million more words before they start school. Help your children prepare for school.

The Hope-Hear Million word gap project by
Hope-Hear NPC, 2024 / 064699 / 08
is licensed under a Creative Commons Attribution -
Non-Commercial 3.0 Unported License

www.hope-hear.org
#HOPE-learn

Illustrated by
Robyn van Zijl




Translated by
Elsa Tariro Wadi

Paivepo, mumunda waidziya wemuAfrica,
Kwaive nekanzvenzvana kainzi Sefu
nakamanditeya kanonzi Nia.

Sefu naNia vaive
vakasiyana asi vose
vaive nechido
chekuziva Nyika
yakavakomberedza.



Mamwe mangwanani,
Sefu ainzvenzvaira
muhuswa hurefu
achitsvaga zvekuita.
Aifarira zvekufamba
famba asi dzimwe
mhuka dzaimutya
nekuti dzaifunga kuti
anogona kudziruma.
Sefu aitovawo
kamwana zvake uye
aisada kutyisa vamwe.



Panguva imwe cheteyo, kagonzo kaye Nia kaingosvetuka svetuka pasi kachidya mbeu. Nia aive kagonzo kakafaranuka uye aifarira kukwazisa wese waaona. Paakaona Sefu Akabva amira ipapo ipapo.

“Maiwee!” akadaro Nia.
“Nyoka! Regai nditize pano!”



Niaachingoti atange kumhanya, Sefu akataura zvinyoror nyoro, “Ndapota usatiza, handina kuuya kuzokukuvadza. Ndiri kutsvagawo shamwari.”



Nia akatendeuka ndokutarisa Sefu akaita kuvhura maziso. Akashamisika! Nyoka kutsvaga Shamwari? Aya aitove mashura chaiwo. “Unorevesa here?” akadaro Nia. “Hausi kuda kundidya?”


Sefu akasekerera zvishoma, “Aewa handidye makonzo ini, nditoriwo kanzvenzvana hangu. Ndiri kuda kuona nyika sewe”

Nia akafunga kwekanguva. Aigaronzwa kuti nyoka dzaityisa asi iyi yaitaridzika seine tsiye nyoro nekusununguka. “Zvakanaka,” akadaro Nia, “chero tichitamba tese chete!”

Naizvozvo, Sefu naJNia vakatanga kutamba vese.

Vakatserendenda muhuswa hurefu, vakaita mujaho muznira yemadhaka nekugadzira zvimiro zvinosekesa mujecha. Vaiseka chose vachinakidzwa.

Vakaudzana nyaya, Nia ndokuudza Sefu nzvimbo dzekuwana chikafu chinonaka, ukuwo Sefu akamuratidza mafambiro anoita nyoka.





Pkwaakudoka, Sefu naNia vakagara pasi pemuuyu muhombe.

“Ndinofara tasangana,” akadaro Sefu nemufaro. “Ndaisaziva kuti makonzo ane moyo wakanaka kudaro.”

Nia akanyemwerera ndokuti, “Kana neni ndaisaziva kuti nyoka dzakasununguka kudaro!”

Kubva zuva iri, nzvenzvana yaizni Sefu namanditeya ainzi Nia vakaiva Shamwari dzepamoyo. Vakadzidza kuti kunyangwe makasiyana munokwanisa kuve nemoyo wakanaka nekushamwaridzana nevamwe. Vaiswera vachitamba vese vachiona nyika, vachiziva kuti hushamwari hwechokwadi chinhu chakanakisa chose.

